



Depatman Jistis Sèvis Relasyon Kominote (CRS).

Travay ak Kominote yo

ki Afekte nan Dezas Natirèl

CRS sèvi kòm "moun ki ap mete lapè nan Amerik" pou kominote yo ki nan konfli nan medyasyon diskisyon ak amelyore kapasite kominote a pou evite ak rezoud konfli nan lavni pou kont yo.

Anba Tit X nan Lwa sou Dwa Sivil nan 1964 ak Lwa 2009 sou prevansyon Krim Rayisab Matthew Shephard ak James Byrd, Jr. la, CRS adrese sou konfli yo ki nan kominote a ki soti nan diferans ki genyen nan ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, relijyon, oswa andikap. CRS pa gen otorite lapolis oswa pou fè pouwit. Olye de sa, CRS travay ak kominote ki nan konfli pou ede rebati relasyon yo, fasilite konpreyansyon youn ak lòt, epi ankouraje devlopman solisyon lokal yo. Medyatè CRS yo travay dirèkteman ak otorite eta ak lokal yo, òganizasyon ki baze nan kominote yo, defansè kominotè ak dwa sivil, gwoup yo ki baze sou lafwa, ak lapolis sou yon baz volontè ak gratis. CRS sèvi kòm yon twazyèm pati ki pa ni pou youn ni pou lòt, ak sèvis li yo gratis ak konfidansyèl.

CRS bay kat sèvis inik pou kominote yo ▼

Fasilite dyalòg. CRS fasilite dyalòg ant moun ki gen enterè nan kominote a pou louvri liy kominikasyon yo ant pati yo.

Medyasyon.

CRS bay sèvis Medyasyon pou ede kominote yo rezoud konfli yo ak tansyon nan negosyasyon an pèsonn ant moun ki gen enterè yo.

Fòmasyon.

Pwogram fòmasyon CRS rasanble reprezantan ajans gouvènman eta ak lokal yo, òganizasyon ki baze sou lafwa, lapolis, gwoup defans, ak lòt gwoup yo pou devlope konpreyansyon komen ak idantifye apwòch mi mande kolaborasyon pou diminye konfli yo nan kominote a.

Konsiltasyon.

CRS ofri konsiltasyon Sèvis pou ede kominote yo reponn pi byen nan konfli yo.

Ka Enpòtan ▼

Malgre ke li pa gen pou reponn ak katastwòf natirèl, CRS travay ak kominote ki afekte yo nan plizyè fason. Aprè siklòn katastwofik 2017 yo ki te koze domaj istorik, yo te chwazi CRS pou ede FEMA nan yon efò sekou sou ant ajans yo.

Natalia Casella, Espesyalis Pwogram CRS, te deplwaye ak fòs kapasite FEMA pou ede sivivan Siklòn Irma nan rejyon Glades nan Sid Florida. Li sèvi kòm yon Espesyalis Afè Entègouvènmantral FEMA, li te kowòdone efò sekou kominote lokal yo ak rekipasyon nan Siklòn Irma. Nan kapasite sa a, li te travay ak leta ak gouvènman lokal yo dirèkteman pou voye sèvis nan zòn ki devaste yo ke ofisyèl lokal yo te idantifye. Natalia te rive aplike ekspètiz li genyen nan relasyon kominote ak fasilite pou ede divès moun ki gen enterè ki patisipe nan efò rekipasyon an pou travay ansanm pou bay sekou ki nesèsè anpil nan kominote a.



▲ Foto ki soti nan Depatman Jistis/Natalia Casella

Pou plis enfòmasyon sou sèvis CRS yo

Tanpri rele nou nan 202-305-2935, voye email pou nou nan askcrs@usdoj.gov oswa visite nou nan: www.justice.gov/crs.

[facebook.com/DOJCRS/](https://www.facebook.com/DOJCRS/)

[@DOJ_CRIS](https://twitter.com/DOJ_CRIS)